



IJAMBO RY'INTANGAMARARA RY'UMUKURU W'UMURWI W'ABANYABURAYA UJEJWE GUKURIKIRANA AMATORA MU BURUNDI - 11 Rusama 2015-Bujumbura

Bashingantahe, Bapfasoni,

Ndahimbawe cane no kugaruka hano mu Burundi, kuko hari haciey imyaka mirongo itatu (30). Mu vy'ukuri, mu mwaka w'1985 ni ho naza mu Burundi ubwa mbere, bukaba bwari n'ubwa mbere nza muri Afrika.

Nemeye kuyobora uno Murwi w'Abanyaburaya Ujejwe Gukurikirana Amatora mu Burundi nzi neza ko ari igikorwa kitoroshe, tukaba twitavye ubutumire bwa Leta y'Uburundi.

Igikorwa cacu rero, nk'Umurwi Ujejwe Gukurikirana Amatora utagira aho uhengamiye kandi bitumwako, uhambaye, ni ico kugenzura neza ataho duhengamiye, ibikenewe vyose bijanye n'amatora, kuva ku biraba amategeko gushika ku burenganzira bw'umuntu wese bujanye na politike, ivyo navyo bikaba arivyo bigize umushinge w'amasezerano n'ingingo mpuzamakungu bifasha mu matora yo ku mugaragarao. Ivyo navyo ni nk'uburenganzira bwo gushikiriza iviyumviro, bwo kuja hamwe n'abandi mu mashirahamwe, hamwe rero n'uburenganzira bukenewe kugira ngo abazokwitoza biyamamaze, kugira ngo abanyagihugu bitorere bo nyene abo biyumva mwo, badatinya kandi badatewe ubwoba.


Muri iryo genzurwa, dutegerezwa kandi gusuzuma neza ukudahengama n'ubwigenge vy'abajejwe ubutungane n'abajejwe kurongora amatora, ibijanye n'amatora yo ku mugaragarao, harimwo no gushikiriza ibiharuro vyavuye mu matora bitangwa mu gihugu cose no mu bibanza vy'amatora, kugira ngo uwari we wese ashobore kubiraba no kubisuzuma ngo yizigire ko ari vyo.

Twebwe rero nk'abajejwe gukurikirana amatora, ntituraba ngo ni nde yatsinze, turaba gusa ingene yashikiriye intsinzi. Ni co gituma rero, inyuma y'uru rugendo rwanje rwa mbere, nashaka gushikiriza ibimbakiye bikomeye, mpejeje kubonana n'abari muri Leta, abagize Umurwi w'Ighugu Wigenga Ujejwe Gutegura Amatora hamwe rero n'abaserukira amashirahamwe adaharanira ivyicaro vya politike.

Amatora si ukuvuga kuja gutora vyonyene. Kugira ngo abitoza bizerwe-ni ukuvuga guha abanyagihugu akaryo keza ko gutora- amatora ategerezwa gutunganywa mu bihe vyorohereza guhiganwa hamwe n'ubudasa bw'abitoza. Ku bw'ivo rero, harakenewe ikibanza co guserura iviyumviro, ico kuronwa amakuru no kwiyamamaza ku wo ari wese, ari ku banyagihugu, ku banyamigambwe, no ku baserukira amashirahamwe adaharanira ivyicaro vya politike. Nk'uko nabivuze, Leta irafise uruhara ntangere mw'iyubahirizwa ry'uburenganzira bwo guserura iviyumviro, ubwo kuja hamwe n'abandi, kwiyamiriza ibitagenda neza, kandi itegerezwa kwubahiriza uburenganzira bwo gushikiriza iviyumviro birekuriwe n'amategeko. Ivyo ni vyo bituma haba icuka ciza co gutunganya amatora yo mu ntwaro rusangi.

Mu gihe cose maze ngaha, narababajwe n'uko ubu ico cuka atakiri ho mu Burundi. Ni co gituma nashaka kubonera ho kano kanya ngo menyeshe ko ata na kime coza gituma hakoreshwa inguvu mu gutuza imiyerekano irekuriwe n'amategeko. Twemeza neza ko abagira imiyerekano bategerezwa kuyigira mu mahoro. Narabonye ko mu gihe imiyerekano yo kwiyamiriza ikiringo ca gatatu ca Petero Nkurunziza yiaymirije ikongera igatuzwa, imiyerekano yo kumushigikira ngo yitoze yoyo yarahawe ikibanza kandi n'abagiye muri iyo myiyerekano barakingirwa. Mu ntwaro rusangi, uburenganzira bwo guserura iviyumviro bidasa canke bitavuga rumwe n'ivy'abari ku butegetsi ntivyigera vyitwa kugumuka.

Gushika ubu, ivyononekaye mw'iyuzwa ry'imiyamamazo y'ikiringo ca gatatu ni vyinshi : abantu hafi mirongo ibiri (20) baritavye Imana, abandi bensi barakomeretse, bamwe bamwe bikomeye, hamwe rero n'abandi bensi bafatiwe mu mw'iyerekano bapfunzwe. Nk'uko mubizi, icuka ku rubuga n'ubwoba bwo guhohoterwa vyatumye abarundi ibihumbi n'ibihumbi bata barahunga ingo zabo n'igihugu cabu. Ntibazoshobora rero gutora.



Nashaka kwibutsa ijambo ryashikirijwe mu ndwi iheze na Fatou Bensouda, Umushikirizamaza Mukuru wa Sentare Mpuzamakungu Mpanavyaha, ku vyerekeye amabi ariko arabera mu Burundi muri kino gihe c'imbere y'amatora, ariko arashimika ko uguhiganwa mu matora gushobora gutuma haba ivyaha vyinshi bahanwa n'iyo Sentare. Uwo Mushikirizamanza Mukuru yavuze ashimitse ko ayo mabi agigwa muri bino bihe dushobora kuyakinga. Ivyo nanje ndavyemeza kandi nkavuga ko hakiri ho umwanya, hano mu Burundi, ngo uburenganzira, ukudahengama kw'inzegozza Leta, iyubahirizwa ry'ubwinshi n'ubudasa bw'imigambwe n'ivyiyumviro vya politike, vyotuma amatora yemewe na bose atunganywa, vyubahirizwe.

Kwugara ibimenyeshamakuru, nka Radio RPA, canke kuba ibimenyeshamakuru kwumvikana mu gihugu cose ntawobisabira ko twisunze ingingo n'amategeko mpuzamakungu ajanye n'amatora yisunze intwaro rusangi. Kugira ngo habe icuka ciza cotuma haba amatora, harakenewe vyihuta ko izo ntambamyi zose zihagarikwa atagisabwe. Ni co kimwe n'izindi ntambamyi zijanye no guhanahana amakuru biciye ku buhinga ngurukanabumenyi, bifise uruhara ntangere mu matora kw'isi yose. Vyongeye, abamanyeshamakuru bategerezwa kwubahirizwa no gukingirwa n'ubutegetsi, hisunzwe uruhara rwabo mu bihe vy'amatora. Ibimenyeshamakuru ntibisha ijambo abanyamigambwe ngo bashikirize ubutumwa bwabo gusa, bitaye ko, birakeneye uburenganzira bwo gutoratoranya amakuru, kuyatora utunenge ngo biyashikirize abanywanyi. Ibimenyeshamakuru birafise uruhara ntangere mu gushikiriza amakuru abazotora ku bijanye n'itunganywa ry'amatora. Mu bihe turimwo, ibimenyeshamakuru ntibishobora kurangura neza ivyo bikorwa vyavyo.

Nimba muri ibi bihe bigoye turimwo, vyoba bikenewe canke vyogira ico bifashiye, ngo amatora y'abajenama b'amakomine n'ay'abashingamateka yigizwe inyuma, ivyo natwe twobikenguruka.

Murakoze.